



**NYC** Housing  
Recovery  
212-615-8329  
housing@recovery.nyc.gov  
nyc.gov/builditback

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

**F8**

## OTORIZASYON POU DEZIYASYON NAN KOMINIKASYON

Mwenmenm, ki siyen pi ba la a (“Demandan”), deziyen moun ki gen non l make pi ba an:

Non reprezantan an	Nimewo Telefòn	Nimewo faks
Adrès postal	Adrès imèl	
Vil Eta Kòd postal		

kòm delege mwen pou kominikasyon (“Delege”). Mwen otorize Vil New York lan (“Vil” lan) epi sesyonè li, anplwaye l, ajan l, epi kontraktyèl li (kolektivman “Prestatè Asistans” yo) pou yo kominike avèk Delege an sou demand mwen te fè an pou resevwa benefis nan pwogram NYC ki rele Build It Back lan (“Pwogram” lan). Mwen bay Delege mwen an tout otorite pou li resevwa enfòmasyon konfidansyèl sou mwenmenm, tankou enfòmasyon mwen bay Pwogram lan epi enfòmasyon Pwogram lan resevwa nan men tyès pati, tankou: ajans federal, Eta epi lokal; konpayi asirans; enstitisyon finansyè; epi òganizasyon ki fè zèv charitab, ki gen rapò avèk Pwogram lan.

Mwenm pa bay Delege an otorizasyon pou li resevwa okèn benefis nan non mwen, ni pran desizyon ki obligatwa nan non mwen, oubyen reprezante enterè mwen nenpòt ki lòt jan.

Si mwen vle elaji otorite Delege an, mwen kapab fè sa si mwen mande Pwogram lan ba mwen yon fòmilè pou m kapab deziyen yon Mandatè, lè fini mwen remèt fòmilè sa a bay Pwogram lan.

### Konpansasyon

Mwen dakò pou bay Vil New York lan (“Vil”) New York lan epi Prestatè Asistans li yo konpansasyon pou nenpòt reklamasyon ki fèt kont Vil lan epi/oubyen Prestatè Asistans yo pou tout lajan ak depans si Vil lan epi/oubyen Prestatè Asistans yo ta vin sijè a bagay sa yo oubyen si Vil lan epi/oubyen Prestatè Asistans ta soufri oubyen ankouri ki an rapò avèk Delegasyon pou Kominikasyon sa a. Mwen byen konprann nenpòt sispansyon Deziyasyon Kominikasyon sa a, kèlkeswa si se pase se mwenmenm ki revoke Deziyasyon Kominikasyon sa a, oubyen pou nenpòt lòt rezon, li pa an vigè nan sa ki konsène Vil lan epi/oubyen Prestatè Asistans yo jis tan Prestatè Asistans yo genyen nan men yo notis lan menm oubyen pran konesans de sispansyon sa a.

### Sispansyon

Deziyasyon nan Kominikasyon sa a kontinye jis tan Pwogram lan sispann oubyen jis tan mwen revoke l. Yon modèl Deziyasyon pou Kominikasyon atache avèk dokiman sa a kòm Anèks A.

**Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.**

Pwopriyetè (Lèt Detache)

Siyati

Dat

OTORIZASYON POU DEZIYASYON NAN KOMINIKASYON

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

## REVOKASYON OTORIZASYON POU DEZIYASYON NAN KOMINIKASYON

Referans fèt a Otorizasyon Deziyasyon pou Kominikasyon \_\_\_\_\_  
("Demandan") akòde bay \_\_\_\_\_ ("Delege") epi ki fèt \_\_\_\_\_ jou nan  
mwa \_\_\_\_\_ 20\_\_\_\_\_.

Dokiman sa a konstitye yon avi pou di Demandan an revoke, anile epi siprime Deziyasyon pou  
Kominikasyon sa a epi tout otorite, dwa ak pouvwa li akòde a pati de \_\_\_\_\_ jou nan mwa  
\_\_\_\_\_ 20\_\_\_\_\_.

**Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.**

\_\_\_\_\_  
Pwopriyetè (Lèt Detache)

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Dat